теманы өзлестириўге ерисиў ҳәм басқа бир қанша усыллардан пайдаланыў арқалы дөретиўге арналған.

Педагогикалық технология анық избе-излиликтеги процесс болып, ол студент ҳәм педагогтың зәрүрлигинен келип шығып, бир мақсетке бағдарланған, алдыннан пуқта жобаластырылған ҳәм сыпатлы, нәтийже бериўге қаратылған педагогикалық процесс болып есапланады. Болажақ жас кадрлардың бул тараўда өз мақсетлери ҳәм оның әмелге асырылыўында анық белгиленген ўазыпалары болыўы аҳмийетли.

Әўели сахна сөзи пәнинде беккем әмелий дөретиўши атқарыўшылық имканиятқа ийе болыўы ушын сөз атқарыўшылығы ушын таңланатуғын шынығыўларды текстлерди таңлаў, талқын ҳәм додалаў қырлары ҳәм де оның жоқары көркем атқарыўшылық дәрежесине ерисиўдиң тенденцияларын қәлиплестириў лазым. Ҳәр бир дөретиўши шахстың, сахна сөзи шеберлигин кең ҳәм терең өзлестириў, бүгинги ҳәм ертеңги күнимиздиң керек ўазыйпаларынан бири. Сөз үстинде ислеў оны түрли рәңбәрәң техникалық шынығыўлар менен беккемлеп жетилистирип барыўда сөз үстинде ислеўдиң ең сапалы жолларын жаратыўда өзиниң дәрежесине исеними тәжирийбесине ийе, көплеп тәжирийбе, теория, әмелий дөретиўшиликте сүйеги қатқан тәжирийбели устаз, тәжирийбели сөз устасы, дөретиўши актёрлар менен театр тили, кино тили, радио ҳәм телевидение тилинде беккем көнликпеге ийе кәсип маманлары менен қандай тилде қандай пикирде, қандай түсиниклер менен мүнәсибетте болыўымыз мүмкин?

Биринши гезекте бүгинги күнде сөз ҳәм оның тәсирли әлеми, сүўретлеў қатламларындағы тәсиршеңлик, мәнилилик, қайталанбайтуғын, исенимлилик, қызықлы, есте қалатуғын, мақсет ҳәм талқынға көшириўде биргеликде ақылласыўымыз лазымлығы көринеди. Буның ушын бүгинги күнде ҳәр биримиздиң ҳәм биз тәлим берип атырған жас әўлат тилиндеги сөз байлығы, оны сүўретлеўдеги тәсиршеңлик шеберлиги, мүмкиншилиги кандай дәрежеде? Егер дәрежеси бүгинги күн талабына талабына жуўап бере алмаса оны беккемлеў ҳәм раўажландырыў ушын қандай ўазыйпалар, миллетлемелер қойылыўы мүмкин? Буның ушын қанша ўақыт, қанша күш, қанша меҳир, қанша мүтәжлик сарыпланыўы керек деген сораўлар проблемалар шешимине себеп бола алатуғын методика жаратыўымыз лазым.

**Әдебиятлар**


1. Инамходжаев С. “Бадиий ўқиш осослари”.- Т., 1973.
2. Насирова А. “Жонли сўз санъати асослари”.-Т.,2003.
3. Олимжонова З. “Сахна нутқи”.-Т., 2005.
4. Хожматова М. “Сахна нутқи”. Янги авлод, 2007.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада «Сахна нутқи» фаниниинг юзага келиш омиллари, нутқ маданиятиниинг театр санъатидаги ва маданиятдаги аҳамияти кўриб чиқилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются факторы совершенствования «Сценическая речь», значение культуры речи в театральном искусстве и культуре.

**RESUME.** The article discusses the factors of improving "Stage speech", the importance of the culture of speech in theatrical art and culture.


UDK.213-215; (2023)

## QARAQALPAQSTANDA QOSÍQ ÓNERINIŃ TIYKARÍN SALÍWSHÍ QOSÍQSHÍLAR

**N.Qallibekov** - *aǵa oqıtıwshı*

*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so‘zlar:** tovush, o‘qituvchi, badiiy asarlar, vokal, ovoz tuzilishi, mashq.

**Ключевые слова**: звук, учитель, художественное произведение, вокал, структура звука, упражнения.

**Key words:** sound, teacher, artwork, vocals, sound structure, exercise.

Xalqımızdıń kóp jıllardan berli turmıs keshirmeleri menen sıbaylas bolıp kiyatırǵan, ruwxıy mádeniyatımızdıń altın miyraslarımızdıń biri – bul qosıq atqarıwshılıq bolıp esaplanadı.

Xalqımızdıń bay ǵáziynesi bolǵan qosıqlar, elimiz arasında keń en jayıwı, sonday-aq, bizge shekem miyras bolıp saqlanıp keliw tariyxı hám olardıń búgingi kúnimizge shekem jetip keliwinde atqarıwshılardıń ornı girewli. Xalıq qosıǵı bul úzliksiz jańalanıp baratuǵın háreketsheń material. Ruwxıy mádeniyatımızdıń ǵáziynesi sanalǵan bul qosıqlar, keleshek áwladqa jańasha oy-pikirler júritiw ushın túrtki boladı. Bul xalıq qosıqlarımızdıń bizge shekem jetip keliwinde, xalqımızdıń sheber atqarıwshılarınıń ornı girewli bolıp tabıladı. Qosıq – (latınsha cantus, cantio, italiyansha canzona, francuzsha chan-son, inglisshe song, nemisshe lied) – vokal muzıkasında keńnen rawajlanǵan janr, sonday-aq, qosıq yamasa rechitativ shınıǵıwǵa arnalǵan poetikalıq shıǵarmanıń belgileniwi. Qosıq sóz hám muzıkalıq mazmunına (patriotlıq, lirikalıq, satiralıq, marsh, ayaq-oyın sıyaqlı taǵı basqa túrlerinde), faktura hám atqarıwshılar quramına (bir hám kóp dawıslı, jeke hám xor, saz ásbap járdeminde hám saz ásbapsız – qalalıq, kúndelikli, áskeriy h.t.b.) qaray dóretiledi. Qosıqtıń muzıkalı forması poetikalıq teksttiń mazmunı hám dúzilisi menen baylanıslı. Onıń keń tarqalǵan túri kupletli forma. Qosıqlar jeke avtorlı hám avtorsız (umıtılıp ketken) bolıp ajıraladı. Mısalı, xalıq qosıǵı – awızeki sóz folklorınıń túri bolıp esaplanadı.

XV-XVI ásirlerde kompozitorlar kóp dawıslı qosıqlardı túrli milliy variantlarda dóretken. XVII-XVIII ásirler aralıǵında bir dawıslı qosıqlar general bas járdeminde atqarılıwı rawajlanǵan, al XVIII ásirdiń II yarımında fortepiano ásbabı, geypara waqıtları saz ásbap ansamblleri hám orkestr járdeminde atqarılatuǵın qosıqlar payda boladı. XIX ásirde kompozitorlardıń qosıǵı (romans) rawajlanǵan janrlardıń biri bolıp tanıladı.

Olardan F.Shubert, I.Brams, M.I.Glinka, A.S.Dargomijskiy, A.P.Borodin, M.P.Musogskiy, R.Shuman, P.I.Chaykovskiy, S.V.Raxmaninov. [1. Dmitriev L.B. b.90] Qaraqalpaqstanda vokal janrınıń rawajlanıwına kompozitor, qosıqshı hám pedagoglar úlken úles qosıp kelmekte. Kompozitorlar ózleriniń óshpes qosıqları menen xalıqtıń kewilinen orın alıp vokal janrın hám de sonıń menen tikkeley baylanıslı opera, xor janrların da bayıtıp kelmekte. Jáne de bul janrdıń rawajlanıwına qosıqshılar hám olardı tárbiyalap kiyatırǵan pedagog-qosıqshı (pedagog-vokalist) larda ózleriniń salmaqlı úleslerin qosıp kelmekte.

**Atajan Xudayshukurov**. Ózbekstan, Qaraqalpaqstan hám Bashqurstan xalıq artisti, Hamza atındaǵı Ózbekstan mámleketlik sıylıǵınıń laureatı óziniń tákirarlanbas xosh hawazı menen, ayrıqsha tembr ırǵaqlarına iye «Ayqulash» ansamblinde kóp jıllar dawamında ózbek hám qaraqalpaq qosıqların atqarıp kelgen bálent lapız iyesi A.Xydayshukurov 1944-jılı 4-oktyabrde Tórtkúl rayonında tuwılǵan. Balalıǵında mektepte, sońınan bolsa rayon hám Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha ótkerilgen hár qıylı keshelerde qatnasıp jaslıǵınan baslap-aq elge tanıqlı qosıqshı bolıp jetilisedi. Bul tarawda oǵan aǵası Yuldash Ollashukurov birinshi ustazı sanaladı. Sebebi bolajaq qosıqshı aǵası Yu.Ollashukurov basshılıǵında 1956-jılı jaz ayında Tórtkúl qalasında jas talantlı oqıwshılar kórik-tańlaw jeńimpazı, Nókis, Tashkent qalalarındaǵı hár qıylı tańlawlarda da jeńimpaz boladı. 1960-jılı orta maǵlıwmatqa iye A.Xudayshukurov Tashkent mámleketlik konservatoriyası qasındaǵı Hamza atındaǵı muzıka bilim jurtına hújjet tapsıradı. Bul jerde saz ásbaplar bóliminde qashqar rubabı qánigeligi boyınsha ustaz B.Mirzaahmedov sabaq beredi. [2. Kallibekov N. b.788-794]

Jas Atajan óz dáwiriniń jetik qosıqshısı bolǵan K.Otaniyazovtan Xorezm qosıqshılıq óneriniń dástan jónelislerin tereń úyrenedi hám sonıń menen birge rayon, Respublika kóleminde ótkerilgen tańlawlarda belsene qatnasıp, kózge kórine baslaydı. A.Xudayshukurov 19 jasında Berdaq atındaǵı Qaraqalpaqstan mámleketlik filarmoniyasına jumısqa qabıllanadı.

1972-1990-jılları filarmoniyaǵa qaraslı «Ámiw tolqınları» ansamblin shólkemlestirip, oǵan kórkemlik jaqtan basshılıq etedi. A.Xudayshukurovtıń usınday miynetleri joqarı bahalanıp, oǵan 1969-jılı Qaraqalpaqstan xalıq artisti, 1977-jılı Ózbekstan xalıq artisti, 1981-jıl Tatarstan xalıq artisti, 1983-jılı Túrkmenstan xalıq artisti, sonday-aq, 1974-jılı Hamza atındaǵı Ózbekstan Mámleketlik sıylıǵı laureatı sıyaqlı húrmetli ataqlar menen sıylıqlanadı. Óz atqarıwshılıq sheberligi menen kewillerde óshpes iz qaldırǵan tuwma talant iyesi A.Xudayshukurov 1994-jılı 23-dekabrde qaytıs boldı.

Ullı óner iyesiniń óliminen soń Qaraqalpaqstan Respublikasındaǵı Ellikqala rayonı hákimligi baslaması menen milliy qádiriyatlarımızdı tiklew, xalıqlar arasında mádeniy doslıq baylanısların bekkemlew, qosıqshılıq ónerin jáne de rawajlandırıw maqsetinde xalıq aralıq Atajan Xudayshukurov fondı shólkemlestirildi. [3.Mullaxandov D.b.75] Óz dóretiwshiligi dawamında kóplegen qosıqlar atqarǵan. Onıń repertuarınan milliy klassik qosıqlar («Feruz I–II», «Xorazm Segohi», «Bozurgoniy», «Qo‘shchinor», «Guluzorim», «Kurd Eshvoyi», «Samarqand ushshog‘i», «Toshkent irog‘i», Xorezm dástan qosıqları «Najab o‘g‘lon» dástanınan «Kimni sevar yorisan», «Bahrom va Gulondom»dan «Ayriliq», «Avazxon» dan

«Qalandarim») kompozitorlar shıǵarmaları («Koʻzlaring sening», «Oʻzbekistonim», «Rano boʻlayin deb», «Sogʻinib keldim» va b.), sonday-aq, túrkmen, ázerbayjan, qaraqalpaq, qazaq hám qırǵız xalıq qosıqları orın alǵan. A.Xudayshukurov sazende hám ózi aytatuǵın («Mujgonlaring», «Olamda bir», «Birinchi muhabbatim» sıyaqlı 300 den artıq) qosıqlarınıń dóretiwshisi sıpatında da tanılǵan.

A.Xudayshukurov shıraylı tembrlı, keń diapozonǵa iye, bálent lapız iyesi sıpatında barlıq tıńlawshılardıń qálbinen tereń orın alǵan.

**Bazarbay Nadırov**. Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq artisti, Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıǵınıń laureatı, Ózbekstan xalıq bilimlendiriw aǵlası, Qaraqalpaq milliy akademiyalıq qosıq óneriniń tiykarın salıwshı, qosıqshı, ádiwli ustaz B.Nadırov 1937-jılı 7-aprel kúni Nókis rayonınıń «Aq terek» awılında tuwıladı. Jaslayınan ata-anasınan jetim qalıp, Shımbay rayonındaǵı balalar úyinde hám Taxtakópirdegi internatta oqıp, tálim alıp tárbiyalanadı. Ol jaslayınan muzıkaǵa, qosıq aytıwǵa qızıǵıwshılıǵı artıp, awılǵa toyǵa kelgen Qıyas jıraw, Esjan, Japaq hám Sherniyaz baqsılardı háwes penen tıńlap, atqarǵan qosıqların tez yadlap alıp, olardıń aytqanınday etip atqara beredi. Onıń bunday uqıbı barın sezgen balalar úyindegi qosıq muǵallimi Muxammedjanov B.Nadırovqa mandalina hám skripka ásbapların shertiwdi úyretip, qosıqlar aytqızıp háwesker jámáátiniń aǵzaları qatarında hár qıylı jarıslarǵa, koncertlerge hám bayramlarǵa óz repertuarları menen qatnastırıp kelgen. 1957-jılı Tashkent qalasında ótetuǵın qaraqalpaq mádeniyatı hám kórkem óneri dekadasınıń baǵdarlamasın tayarlaw ushın kóp talantlı jaslar qatarında B.Nadırovtı da mámleketlik filarmoniyaǵa jumısqa qabıl etedi. Qosıqshılar ansambline, xor jámáátine qatnasıp, marhum K.Isaev penen birge X.Turdıqulovtıń «Abadan» qosıǵın eki dawısta dekada da Tashkent tamashaǵóyleri aldında atqarıp beredi. Sol jıldan baslap B.Nadırovtıń qosıqshı sıpatındaǵı dóretiwshilik miynet jolı baslanadı. [4.Muxamedova G. b.82-83]

Filarmoniyanıń kórkem jámááti quramında Respublikanıń barlıq rayonları, Ózbekstannıń, Qazaqstannıń, Túrkmenstannıń hám Qırǵızstan Respublikalarınıń rayon hám qalalarında gostrolda boladı. Ol bilimin jetilistiriw maqsetinde 1961-jılı Nókis muzıka uchilishesine R.I.Maksimenko degen oqıtıwshı da akademik qosıqshılıqtan tálim alıp 1964-jılı uchilisheni tabıslı tamamlaydı. Sol jılı arnawlı jollama menen Tashkent mámleketlik konservatoriyanıń qosıq fakultetine oqıwǵa túsedi. Konservatoriyanıń docenti N.D.Ismailova klasında akademiyalıq qosıqshı qánigeligi boyınsha tálim alıp, 1969-jılı konservatoriyanı tabıslı pitkeredi hám Nókis mámleketlik bilim jurtına qosıq bóliminiń oqıtıwshısı bolıp jumıs islep keldi. Jumısı dáwirinde ol akademik qosıq atqarıwshılıǵında óz mektebin jarattı. Oqıwshıları hár eki jılda Ózbekstan kóleminde ótkeriletuǵın kórkem óner bilim jurtlarınıń arasında qosıqshılar tańlawında sıylı orınlardı iyelep laureat bolıp kelgen. Oqıtıwshılıq jumısı menen bir qatarda bárhama koncert dóretiwshilik jumısların alıp bardı. Respublikamızdıń birneshe márte Moskvada, Tashkentte, Daǵıstan, Tatarstan, Bashqurdtan, Qazaqstan, Ázerbayjan, Túrkmenstanda ótken qaraqalpaq mádeniyatı kórkem óner kúnlerinde qatnasıp, olardıń tıńlawshıların qaraqalpaq milliy qosıq óneri menen tanıstırıp, alǵıslarına miyassar boldı. [5.Nadırova A. B.21] 1987-jılı Berdaq atındaǵı mámleketlik muzıkalı teatrında qoyılǵan birinshi qaraqalpaq operası «Ájiniyaz» da bas rollerdiń biri Berdi inglistiń partiyasın atqarıp, S.Yudakovtıń «Maysaranıń hiylesi» operasında Molladust hám S.Raxmanovtıń «Aleko» operasında Alekonıń ariyaların úyrenip atqarıp shıqtı. Saltanatlı koncertlerde qaraqalpaq kompozitorlarınıń shıǵarmaları menen bir qatarda Evropa xalıqlarınıń klassik kompozitorları Mocart, Bize, Verdi, Gaydn, Chaykovskiy, Borodinlerdiń hám ózbek, qazaq operalarınan ariyalardı atqarıp keldi.

«Jeti asırım» namasına S.Nurımbetovtıń «Qaraqalpaqta», K.Abdullaevtıń «Jigirma beste», «Elim bar», «Tuwǵan jerge» sıyaqlı kóp ǵana qosıqlardıń birinshi atqarıwshısı. Ustazlıq dáwirinde ol júzden aslam shákirtler tayarladı. Olardıń kópshiligi konservatoriyanı pitkerip ózi menen qatar ustazlıq etip shákirt tayarlap, kópshiligi teatr, koncert mekemeleri hám Respublikamızdıń rayondaǵı muzıka mektepleri, mádeniyat úylerinde tabıslı islep atır. Solardan Ózbekstan Respublikası xalıq artisti B.Uzaqbergenov, Ózbekstanǵa xızmet kórsetken artistler E.Aytniyazova, Qaraqalpaqstanǵa xızmet kórsetken artistler M.Tilewmuratova, D.Atadjanov, D.Xojabergenov, S.Shınıqulova, solistler «Shuhrat» medalı iyesi, Qaraqalpaqstan Respublikasına xızmet kórsetken kórkem óner ǵayratkeri A.Qalliyev, B.Qazaqbaev, K.Atadjanov, A.Ájiniyazova, B.Jaqsımuratova, N.Qállibekovlardı atap ótse boladı. [6. Xodjametova G. b.1300-1305] B.Nadırovtıń kóp jıllıq qosıqshılıq, ustazlıq miynetleri húkimetimiz tárepinen joqarı bahalanıp oǵan 1971-jılı Qaraqalpaqstanǵa xızmet kórsetken artist, 1974-jılı Ózbekstanǵa xızmet kórsetken artist, 1977-jılı Qaraqalpaqstan xalıq artisti, 1981-jılı Ózbekstan xalıq artisti húrmetli ataqları berildi. Sonday-aq, 1987-jılı Berdaq

atındaǵı mámleketlik sıylıqtıń laureatı, 1984-jılı Ózbekstan xalıq bilimlendiriw aǵlası, 1986-jılı Miynet veteranı medalların alıwǵa miyasar boldı. B.Nadırov miynet jolı dáwirinde óz qosıqshılıq mektebin dóretken, xalqımızdıń talantlı jasların akademiyalıq qosıqshılıq jolında oqıtqan birinshi ustazlardan bolıp esaplanadı.

## Ádebiyatlar


1. Dmitriev L.B. «Основы вокальной методики».-M.: Muzıka, 1968.
2. Kallibekov N. (2022). Kuylash musiqiy tashkil etish so‘z bilan bog‘liq bo‘lgan musiqa san`ati. Science and Education, 3(12), 788-794.
3. Mullaxandov D.X. «Некоторые вопросы узбекского вокального образования». - T. G.Gulyam, 1954.
4. Muxamedova G. «Xonandalik uslubiyati asoslari» O‘quv-uslubiy qo‘llanma, Toshkent 2007.
5. Nadırova A. “Qaraqalpaq muzıka tariyxı” Nókis. “Qaraqalpaqstan”. 2019.
6. Xodjametova G. (2022). «Talabada xonandalik jarangdorligini to‘g‘ri tashkil etish». Евроазийский журнал академических исследований. 2(13), 1300-1305.



**REZYUME.** Tovush sifatini ko‘zlangan natijada tarbiyalashda ovozni ko‘rsata bilish katta ahamiyat kasb etadi. Ko‘rgazmali qurollar ko‘ra oladigan va sodda bo‘lgani uchun ham kerakli kunikmalarni shaxsan topishga majbur etadi. Buning uchun o‘qituvchining o‘zi yaxshi ovozga ega bo‘lishi lozim, o‘quvchi esa taqlid qobiliyatiga ega.

**РЕЗЮМЕ.** Способность показывать голос имеет большое значение в обучении ожидаемому результату качества звука. Демонстрационное оружие также позволяет лично обрести необходимые навыки, поскольку оно наглядно и просто. Для этого у самого учителя должен быть хороший голос, а у ученика - способность подражать.

**SUMMARY.** The ability to display the voice goes a long way in teaching the expected sound quality outcome. Demonstration weapons also allow you to personally acquire the necessary skills, as they are visual and simple. For this, the teacher himself must have a good voice, and the student must have the ability to imitate.


# PEDAGOG USTOZ - NAJIMATDIN ANSATBAEV


**R.Qazaqbaeva** - *o‘qituvchi*

*O‘zbekiston davlat san’at va madaniyat instituti Nukus filiali*



**Tayanch so‘zlar:** ustoz, pedagog, metod, san’at, teatr, rejissyor, aktyor.

**Ключевые слова:** педагог, метод, искусство, театр, режиссер, актер.

**Key words:** teacher, pedagogue, method, art, theater, director, actor.


Pedagog so‘zi – (yun-tarbiyachi) pedagogika mutaxassisi, bolalar va yoshlarni tarbiyalash va o‘qitish bilan shug‘ullanuvchi, shu soha bo‘yicha maxsus tayyorgarlikka ega bo‘lgan shaxsdir. Mana chunday insonlardan biri pedagog ustoz N.Ansatbaevni aytsak bo‘ladi. U umr bo‘yi o‘zini san’atga, teatrga baxshida qilgan buyuk san’atkor.

Hozirgi kunda esa O‘zbekiston davlat san’at va madaniyat instituti Nukus filialida «Rejissura va aktyorlik mahorati» kafedrasida professor o‘qituvchi bo‘lib o‘z faoliyatini yuritib kelmoqda. 60 yildan ortiq ijodiy mahoratga ega bo‘lgan ustoz bugungi kunda san’at va madaniyatning sirlarini yoshlarga o‘rgatib, kelajagimiz uchun zamonaviy salohiyatli kadrlar tayyorlab kelayotgan institutning ustozi hisoblanadi. U o‘z shogirdlariga rejissura va aktyorlik mahorati fanida dars o‘tib kelmoqda. Men Najimatdin Ansatbaevning 2017-2020 yilgi «Musiqali teatr rejissyorligi» kursida tahsil olganman. O‘sha paytlari ustozimning dars o‘tish uslubi, o‘zgacha metodlari, dasrlarni tushuntirishlari meni rejissuraga bolgan qiziqishimni uyg‘otgan.

Ustoz dars o‘tish jarayonida zamonaviy texnologiyalardan foydalanadi. Har bir rejissorning hayoti va ijodin sinchiklab o‘rgatadi. «…agar buyuk rejissor bolmoqchi bolsang, har jabhadan xabardor bo‘lishing kerak. Ko‘p kitob o‘qigan, aktyorlarga nisbatan bir pog‘ona yoqori bo‘lishing lozim»,-deb ko‘p ta’kidlar edi. Shuning uchun haftaning bir kuni kitob, gazeta, jurnal, piesa o‘qishga bag‘ishlar edik.

Talabalarga rejissyorlarning, aktyorlarning hayoti va ijodi haqida ma’lumotlar topib olib kelishimizni topshiriq qilib berardi va vazifalarni kitobxonlik kunida aytib berardik. Bu talabalarni